Reyinyon Anyèl Tit I

Yon prezantasyon an Kolaborasyon avèk Pwogram Depatman Federal ak Leta ak Lekòl Tit I yo

Objektif Reyinyon an





- *Every Student Succeeds Act* la (Yon lwa federal) mande lekòl Tit I yo pou yo fè yon Reyinyon Anyèl pou eksplike epi diskite sou pwogram Tit I lekòl yo, dwa paran, ak lòt obligasyon lekòl la.

- Yo ankouraje fanmi yo pou poze kesyon epi bay sijesyon pou amelyore pwogram Tit I Lekòl la.

Kisa Tit I ye?





Tit I fè pati yon lwa federal ki bay lekòl yo chwazi lajan pou:

- Ede satisfè bezwen objektif edikatif elèv yo,
- Ofri estaf yo fòmasyon pwofesyonèl, epi
- Sipòte patenarya lekòl ak fanmi.

Kòman yon lekòl kapab vini Tit I?





- **Eligibilite pou ane akademik 2026-2027**
  - Distri a analize done sou revni yo (Manje Midi Gratis ak Pri Redwi (FRPL), Sètifikasyon Dirèk)
- Distri a fikse limit kalifikasyon yo selon lwa federal ak leta yo:
  - 70% pou lekòl elemantè, mwayen ak lekòl konbine yo.
  - 67% pou lekòl segondè yo

Kisa sa vle di pou Lekòl nou an?

- Plis lajan pou sipòte elèv,pwofesè ak fanmi yo!
  - Lajan sa yo depase sa Distri a ofri.
  - Lajan sa yo konsantre sou ansèyman pou elè yo, devlopman pwofesyonèl pou pwofesè nou yo, ak aktivite pou ranfòse patenarya ak fanmi nou yo.

Kisa sa vle di pou Lekòl nou an?

- Dwa pou yo enfòme Paran ak Fanmi pou patisipe nan
  - Reyinyon Anyèl Tit I
  - Komite pou pran desizyon (Reyinyon opinyon pou moun ki gen enterè yo)
  - Dwa pou paran patisipe
  - Plan angajman pou Paran ak Fanmi
  - Kontra ant lekòl ak Paran
  - Avi sou Dwa pou paran Konnen
  - Sondaj

Pwogram Tit I nan Tout Lekòl

- Tout elèv benefisye
- Tout pwofesè benefisye
- Tout fanmi benefisye



Plan pou Tout Lekòl nou an(SWP)

Rezime plan (Schoolwide Plan) SWP lekòl la

- *Evalyasyon Bezwen Jeneral (Comprehensive Needs Assessment)*
- *Aktivite pou Sipòte bezwen (Activities to Support Needs)*
- *Plan Angajman Paran ak Fanmi (Engagement Plan (PFEP)*
- *Eleman Naratif (Narrative Components)*

Plan pou Tout Lekòl nou an (SWP)

Evalyasyon Bezwen Global (CNA) ak Rezilta Espere

- *ELA*
  - *Dapre Siveyans Pwogrè 2, 33.4% nan elèv Jadendanfan, 37.5% nan elèv 1ye ane, ak 35.4% nan elèv 2yèm ane montre metriz jan sa defini pa elèv ki nan Nivo 3 ak pi wo. Dapre nòt Siveyans Pwogrè 2 yo nan Klas 3yèm, 4yèm, ak 5yèm ane, Lekòl Konsèvatwa a gen 55% metriz jan sa defini pa elèv ki nan Nivo 3 ak pi wo. Espesyalman, yo prevwa 69% nan elèv 3yèm ane, 55% nan elèv 4yèm ane, ak 61% nan elèv 5yèm ane p ap konpetan nan lekti nan fen ane lekòl FY26 la avèk gwo feblès nan domèn fonetik ak ladrès fondamantal nan lekti. Dapre analiz done yo, men domèn ki bezwen amelyorasyon:*
    - *Ladrès fondamantal nan lekti, ki gen ladan men ki pa limite a konsyans fonolojik, mo ki parèt souvan ak akizisyon vokabilè pou elèv K-2 ak elèv nan klas entèmedyè yo.*
    - *Devlope vokabilè elèv yo pou yo ka gen aksè a tèks ki nan nivo klas yo nan klas K-8 ak nan evalyasyon leta yo.*
    - *Bati kourandè (flidite) pou lektè nan tout nivo klas yo pou yo ka jwenn aksè nan tout tèks nivo klas yo ba yo.*
    - *Ladrès nan ekriti agimantatif ak eksplikatif bezwen devlope nan nivo lekòl entèmedyè ak mwayen pou pèmèt elèv yo eksprime tèt yo nan yon fason ki apwopriye pou laj yo.*

Plan pou Tout Lekòl nou an (SWP)

Evalyasyon Bezwen Global (CNA) ak Rezilta Espere

- *Matematik*
  - *Dapre Siveyans Pwogrè 2, 42.2% nan elèv Jadendanfan, 37.1% nan elèv 1ye ane, ak 42.5% nan elèv 2yèm ane montre metriz nan Matematik jan sa defini pa elèv ki nan Nivo 3 ak pi wo. Dapre nòt Siveyans Pwogrè 2 yo nan Klas 3yèm rive 8yèm ane, Lekòl Konsèvatwa a gen 44% metriz jan sa defini pa elèv ki nan Nivo 3 ak pi wo. Espesyalman, yo prevwa 76% nan elèv 3yèm ane, 67% nan elèv 4yèm ane, 66.1% nan elèv 5yèm ane, 46% nan elèv 6yèm ane, ak 65% nan elèv 7yèm ane p ap konpetan nan domèn matematik nan fen ane lekòl FY26 la avèk gwo feblès nan domèn sans nimewo ak ladrès fondamantal nan matematik. Dapre analiz done yo, men domèn ki bezwen amelyorasyon:*
    - *Devlope estrateji pou pran egzamen pou elèv yo ka plis abitye rezoud pwoblèm matematik nan yon anviwonman tès estanda.*
    - *Bati ladrès fondamantal nan matematik tankou sans nimewo, kourandè (flidite) nan operasyon, ak mezi pou elèv K-2 ak elèv nan klas entèmedyè yo, avèk anfaz sou valè pozisyon, ekspresyon aljebrik, fraksyon, nonb antye/nimewo, ak jeyometri/rezo.*
    - *Devlope vokabilè matematik elèv yo pou yo ka gen aksè a pwoblèm nan nivo klas yo nan klas la ak nan evalyasyon leta yo.*
    - *Bati kourandè (flidite) ak rezistans matematik pou elèv nan tout nivo klas yo pou yo ka jwenn aksè nan tout pwoblèm nivo klas yo.*

Plan pou Tout Lekòl nou an (SWP)

Evalyasyon Bezwen Global (CNA) ak Rezilta Espere

- *Syans*
  - *Dapre Siveyans Pwogrè 2, Lekòl Konsèvatwa a gen 51% metriz jan sa defini pa elèv ki nan Nivo 3 ak pi wo. Espesyalman, yo prevwa 52% nan elèv 5yèm ane ak 43% nan elèv 8yèm ane p ap konpetan nan domèn syans nan fen ane lekòl FY26 la. Dapre analiz done yo, men domèn ki bezwen amelyorasyon:*
    - *Devlope estrateji pou pran egzamen pou elèv yo ka plis abitye rezoud pwoblèm syans nan yon anviwonman tès estanda.*
    - *Bati konesans syantifik fondamantal pou elèv K-2 ak elèv nan klas entèmedyè yo, avèk anfaz sou eleman spesifikasyon tès yo ki se estanda ki evalyab.*
    - *Devlope vokabilè syantifik elèv yo pou yo ka gen aksè a pwoblèm nan nivo klas yo nan klas la ak nan evalyasyon leta yo.*
    - *Bati kourandè (flidite) ak rezistans syantifik pou elèv nan tout nivo klas yo pou yo ka jwenn aksè nan tout pwoblèm nivo klas yo.*

Plan pou Tout Lekòl nou an (SWP)

Konpozan Naratif - Ki jan TCS travay pou bay sa ki annapre yo:

Devlopman Ladrès Non-Akademik

- *Nan Conservatory School, nou fè efò pou rekonèt timoun nan nèt e nou travay pou devlope ladrès elèv yo andeyò domèn akademik yo. Elèv yo patisipe nan reyinyon maten ki vize pou adrese bezwen yo pou yo bati ladrès pou aprann ak pou lavi.*
- *Nan klas K-2, nou gen manm nan Ekip Byennèt nou an ki animen yon wotasyon Bèl Yo ki konsantre sou bati ladrès pou fè fas ak difikilte, anseye rezilyans ak pèseverans, ankouraje abitid ki an sante, epi ankouraje konpòtman pozitif. Nan menm sans lan, elèv lekòl mwayen nou yo patisipe nan CREW avèk manm Ekip Byennèt la, sa ki elaji sa k ap fèt nan nivo primè a lè yo ajoute anfaz sou ankouraje yon mantalite kwasans ak bati bon abitid travay atravè devlopman ladrès òganizasyonèl.*
- *Devlopman karaktè se tou yon gwo konsantrasyon avèk nouvo sistèm pwen pou elèv lekòl primè yo ak Sistèm Kay pou elèv lekòl mwayen yo. Elèv yo genyen pwen pou divès konpòtman pozitif ki ede klas yo oswa kay yo genyen yon pri nan fen yon peryòd tan defini. Anplis de sa, chak klas primè chwazi de elèv kòm "Dofen pou Mwa a" ki montre swa yon konpòtman Triple Crown ekselan oswa ki montre yon gwo kwasans nan konpòtman Triple Crown yo.*
- *Finalman, yon eleman enpòtan nan Triple Crown nou an se Sèvis. Nan sa a, elèv yo travay pou devlope yon sans sèvis pou lòt moun epi kontribye inikman nan kominote a ni andedan ni andeyò mi The Conservatory School yo. Elèv lekòl mwayen yo dwe patisipe nan douz èdtan sèvis kominotè pa ane lekòl epi yo resevwa yon kòdon onè nan gradyasyon lekòl mwayen an kòm rekonesans pou sèvis kominotè yo. Patwoul Sekirite yo travay tou pou sèvi kominote lekòl la nan divès fason.*

Plan pou Tout Lekòl nou an (SWP)

Konpozan Naratif - Ki jan TCS travay pou bay sa ki annapre yo:

Aplikasyon SBT a

- *Yo idantifye elèv yo pou sipò pa nivo atravè pwofesè yo ki kolekte done nan salklas la epi ki itilize nòm leta yo pou idantifye ki elèv k ap fè pwogrè adekwat epi pou idantifye moun ki bezwen remèd. Yon fwa yon pwofesè idantifye ke yon elèv pa fè pwogrè adekwat nan direksyon nòm leta yo, li kontakte lidè Ekip Lekòl la (SBT) pou òganize yon reyinyon pou diskite sou bezwen elèv yo. Apre sa, lidè SBT a bay yon pake referans ki bezwen ranpli. Si yon pwofesè remake ke yon timoun ap lite ak konpòtman li epi li te eseye entèvansyon nan salklas la san amelyorasyon aparan nan direksyon konpòtman sib la, lè sa a li ka refere elèv la bay ekip MTSS la pou idantifye entèvansyon pou adrese enkyetid yo wè nan salklas la.*
- *Pou detèmine sipò ki nesesè yo, pwofesè a rankontre ak ekip MTSS la epi li pote done ak nòt anekdotik pou montre domèn bezwen elèv la. Baze sou enfòmasyon sa a, ekip la diskite epi idantifye konpetans fondamantal ki se kòz fondamantal defisyans yo oswa domèn enkyetid yo pou yo ka chwazi entèvansyon ak zouti siveyans pwogrè ki apwopriye pou swiv pwogrè elèv la atravè pwosesis SBT a.*
- *Tout elèv yo resevwa yon blòk 30 minit nan entèvansyon iii, sa a se entèvansyon Nivo 2 ke pwofesè salklas la ka bay chak jou. Anplwaye sipò yo sipòte pwosesis SBT a lè yo bay 15 minit anplis nan sipò Nivo 3 pou moun ki bezwen plis tan ki baze sou done siveyans pwogrè yo. Nan kèk ka, anplwaye sipò yo ka bay tou de sipò SBT 30 minit ak 15 minit anplis la bay elèv yo jan sa nesesè.*
- *Entèvansyonis la kolekte pwogrè elèv la chak semèn oswa chak de semèn. Yo asiyen yon zouti siveyans pwogrè a bay chak elèv selon domèn enkyetid la epi yo asiyen yon zouti siveyans pwogrè korelasyon pou swiv pwogrè elèv la pandan tout pwosesis SBT a. Done entèvansyon Nivo 2 yo kolekte pandan 8 semèn konsekitif selon pwogrè elèv la. Ekip la deside si nivo sipò a bezwen ogmante. Si se ka sa a, entèvansyonis la konplete 8 semèn anplis pou kolekte done pou swiv pwogrè elèv la.*

Plan pou Tout Lekòl nou an (SWP)

Konpozan Naratif - Ki jan TCS travay pou bay sa ki annapre yo:

Pwovizyon pou yon Edikasyon Kibyen Balanse

- *Lekòl Conservatory a sèvi ak done nan divès fason pou detèmine bezwen ansèyman fondamantal yo. Administrasyon an travay pou analize done ki soti nan sous ki gen ladan men ki pa limite a FSQ, USA, PBPA, evalyasyon Siveyans Pwogrè, iReady, Dreambox, ak Reading Plus pou detèmine fòs elèv yo ak domèn pou amelyore pou ede gide konsantrasyon ansèyman an nan klas debaz yo. Done sa yo pi lwen separe pa pwofesè yo nan reyinyon Kominote Aprantisaj Pwofesyonèl nivo klas yo ki fèt chak de semèn kote yo gade done yo pou gide ansèyman an nan salklas yo.*
- *Lekòl Conservatory a asire ke ansèyman an amonize ak estanda yo lè li fè vizit gide fòmèl ak enfòmèl pandan tout ane a. Nou sèvi ak dokiman "sa pou chèche" distri a kreye tou pou ede nou wè si yon pwofesè ap aliyen kontni li yo ak rigè estanda yo, epi bay fidbak lè bagay yo pa fin byen aliyen.*
- *Nan lekòl mwayen, elèv yo gen opòtinite pou yo fè eksperyans yon kantite matyè ochwa ki pa konsidere kòm kontni debaz. Matyè ochwa sa yo gen ladan ofrann ki pa tradisyonèl ki baze sou enterè ak pasyon pwofesè yo. Egzanp yo gen ladan Antreprenarya ak Makèt Pwodwi, Desen Jwèt, Tout Bagay sou Lanati, ak Eksplore Kilti Mondyal yo. Elèv yo gen anpil opòtinite pou patisipe nan edikasyon atistik atravè klas mizik yo ak matyè ochwa ki baze sou atizay tankou dans ak desen. Elèv primè yo genyen tou ekspoze nan kou ki pa akademik atravè tan bèl atizay yo.*
- *Tout elèv K-8 yo patisipe nan Aprantisaj ki Baze sou Pwojè (PBL) ki ede yo konekte aprantisaj nan salklas la ak aplikasyon nan mond reyèl la. Elèv yo travay sou pwojè PBL ki baze sou yon tèm inivèsèl ki pèmèt yo etidye pwoblèm nan mond reyèl la epi aplike aprantisaj yo pou idantifye solisyon posib. Apre sa, elèv yo prezante rezilta yo nan yon ekspozisyon bay kamarad yo, anplwaye yo, paran yo, ak lòt manm kominote a. Ladrès prezantasyon sa yo elèv yo devlope ap ede yo pandan tout karyè akademik ak pwofesyonèl yo nan lavni.*
- *Elèv yo gen opòtinite tou pou yo patisipe nan aktivite paraskolè pou anrichi edikasyon yo. Lekòl Conservatory a ofri tout espò nan nivo lekòl mwayen pou pèmèt elèv yo gen opòtinite pou patisipe nan konpetisyon atletik ant lekòl yo san yo pa bezwen eksperyans anvan. Nou ofri tou anrichisman pou elèv yo ak aktivite paraskolè ki gen rapò ak STEM. Elèv yo gen opòtinite anrichisman tou atravè pwogram gad apre lekòl Encore ak Finale.*

Plan pou Tout Lekòl nou an (SWP)

Konpozan Naratif - Ki jan TCS travay pou bay sa ki annapre yo:

Devlopman Pwofesyonèl

- *Nan The Conservatory School nou kwè nan devlopman kapasite tout pèsonèl nou pou amelyore livrezon ansèyman an. Sa fèt sitou atravè travay Kominote Aprantisaj Pwofesyonèl nou yo (PLC). Nan kad sa a, lidè nivo klas la ede ekip la pou analize done elèv yo epi yo fòmile yon plan pou amelyore ansèyman elèv yo. Nou bay lidè nivo klas nou yo pouvwa tou pou yo bay pwofesè yo konsèy fòmèlman ak enfòmèlman. Yon egzanp sou sa se atravè pwogram obsèvasyon ant kòlèg nou yo nan Madi Pwofesè ("Teacher Tuesday"), kote nouvo pwofesè yo gen opòtinite pou vizite klas yon pwofesè eksperimante (an jeneral lidè nivo klas la) pou kolekte lide sou fason pou amelyore eleman espesifik nan klas yo, kit se konsepsyon ansèyman an oswa jesyon konpòtman. Nou resevwa sipò tou nan men espesyalis kourikoulòm distri a k ap travay ak pi piti gwoup pwofesè pou amelyore livrezon ansèyman an ak aksè nan resous distri a kreye.*

Plan pou Tout Lekòl nou an (SWP)

Konpozan Naratif - Ki jan TCS travay pou bay sa ki annapre yo:

Rekritman ak Retansyon

- *Nan The Conservatory School, nou kwè ke siksè elèv nou yo depann lajman de kapasite nou pou nou rekrite, devlope, epi kenbe edikatè ki efikas. Pou sa ka fèt, gen plizyè metòd nou itilize pou nou rekrite pwofesè. Premyèman, nou kwè nan itilize rekritman pa mwayen bouch an bouch nan mitan pwofesè nou yo kounye a pou ede nou idantifye kandida pou pòs ki vakan yo. Sa se paske pwofesè aktyèl nou yo gen yon bon konpreyansyon sou kilti ak valè nou yo epi yo pi kapab wè si yon kandida byen koresponn ak sa n ap eseye reyalize. Apre sa, nou kolabore ak Depatman Resous Imèn (HR) ak Biwo Rejyon Nò a pou nou patisipe nan fwa travay ki vize atire kandida yo. Sa pèmèt nou jwenn yon pi gwo varyete aplikan pase bouch an bouch. Nou te gade tou sou posibilite pou nou anboche pwofesè pwovizwa ak pwofesè ranplasan alontèm.*

- *An sa ki konsène retansyon, nou travay pou nou oryante nouvo pwofesè yo sou aspè inik nan kilti TCS epi bay yo yon konseye (mantò) atravè Pwogram Sipò pou Edikatè. Sa se yon egzanp devlopman pwofesyonèl nou bay nouvo pèsonèl yo sou kanpis nou an. Nou fè yo tou patisipe nan planifikasyon an kolaborasyon avèk lidè ekip yo ak chèf depatman yo. Atravè travay nan Kominote Aprantisaj Pwofesyonèl yo, nouvo pwofesè yo jwenn sipò yo bezwen pou yo vin pi efikas nan travay yo. Administratè yo ak lòt lidè pwofesè yo travay tou pou sipòte nouvo pèsonèl yo atravè antrenman (coaching). Administratè yo kenbe tou yon politik pòt louvri pou pèmèt nouvo pèsonèl yo santi yo akeyi ak sipòte. Finalman, nou travay avèk PTA pou nou òganize evènman apresyasyon pèsonèl yo pou nou ka kenbe moral lekòl la ak anplwaye yo.*

Pwen Santral Tit I

Pou nou ka rive jwenn rezilta nou espere yo, n ap sèvi ak fon Tit I pou ane sa a pou sa ki annapre yo:

- **Enstriksyon nan Klas**
  - Kat pòs ansèyman pou gen enpak sou aprantisaj elèv yo
- *K-2 ELA - Ms. Molzer*
- *K-2 Matematik - Ms. McIntyre*
- *3-8 Matematik - Ms. Brink*
- *Pwofesè Resous Matematik ak Teknoloji K-8 - Ms. DeLaTorre*
  - Teknoloji ak materyèl

Pwen Santral Tit I

Pou nou ka rive jwenn rezilta nou espere yo, n ap sèvi ak fon Tit I pou ane sa a pou sa ki annapre yo:

- **Aprantisaj Pwofesyonèl**
  - Bay pwofesè yo opòtinite devlopman pwofesyonèl ak sipò, fasilite PLC yo, prezante modèl leson pou pwofesè yo, epi prepare aktivite pwofesè yo ka sèvi nan klas pou ogmante pèfòmans yo
- **Patisipasyon Paran ak Fanmi**
  - Pwogram “Nwit STEM Amizan”
  - Rankont ak Paran ak Diskisyon sou Done apre PM2 pou diskite sou pwogrè akademik.

Angajman Paran ak Fanmi

Rechèch montre lè paran ak fanmi angaje nan edikasyon, li pi fasil pou pitit yo:

- fè pi bon nòt
- bay pi bon rannman nan tès
- prezan lekòl
- adapte ak chanjman
- gen pi bon aptitid sosyal
- Pwomote pou lòt klas
- gradye
- kontinye edikasyon yo aprè lekòl segondè

Plan Angajman Paran ak Fanmi

- Yo refere avèk li kòm Plan Angajman Paran ak fanmi an (PFEP)
- Dekri kòman nou enplike fanmi nan edikasyon pitit ou
- Ekri avèk kontribisyon fanmi ak estaf lekòl nou an pandan reyinyon patisipasyon Moun ki Gen Enterè yo
- Pataje lè genyen reyinyon SAC pou revize sa ki nesesè
- Yo voye rezime PFEP lakay pou tout fanmi

Plan Angajman Paran ak Fanmi

- Deklarasyon misyon pou angajman paran
  - Fanmi yo ak anplwaye Lekòl Konsèvatwa a ap travay men nan men pou ankouraje patisipasyon ak angajman paran yo atravè volontarya aktif ak patisipasyon nan evènman lekòl yo. Paran yo, anplwaye yo, patnè kominotè yo, ak lòt moun ki gen enterè ap kolabore pou pran desizyon ki pral bay elèv nou yo konpetans, kouraj, optimis, ak entegrite pou yo pouswiv rèv yo.
- Kòman nou travay avèk paran, fanmi ak kominote a pou amelyore rannman elèv
- Kòman nou fòme pwofesè pou travay ak fanmi
- Kòman nou sipòte paran pou ede pitit li lakay
- Kòman nou pataje enfòmasyon enpòtan

Seminè Fòmasyon pou Paran



An akò avèk Plan Angajman Paran ak Fanmi, nou ta renmen envite w patisipe nan fòmasyon k ap vini yo:

- Gid Siviv Lekòl Mwayen (Septanm)
- Sware TCS Plezi ak STEM (Oktòb)
- Pare pou Briye - Konprann Tès Eta yo ak Kisa pou Fè ak Rezilta yo (Janvye)

Kontra ant Paran ak Lekòl la



- Chak lekòl Tit I dwe genyen yon kontra ant Paran ak Lekòl la, paran yo ekri, manm fanmi ak anplwaye lekòl la.

- Kontra ant Paran ak Lekòl la defini responsablite elèv, paran, manm fanmi ak estaf lekòl la nan fè efò pou ogmante rannman elèv la.

Kontra ant Paran ak Lekòl la

- Revizyon Kontra ant Paran ak Lekòl pou ane eskolè akademik 2027
- Sijesyon pou Kontra ane pwochèn
- Kesyon

Dwa pou Paran Konnen



Fanmi yo genyen dwa pou poze kesyon:

- Sou kalifikasyon pwofesyonèl pwofesè pitit ou; epi
- Si yon manm estaf ki pa pwofesè ap anseye pitit yo, nan ka sa a, yo dwe bay kalifikasyon pwofesyonèl li .

Dwa pou Paran Konnen



Yo dwe enfòme fanmi yo:

- Si yon pwofesè genyen kat semèn oswa plis l ap anseye pitit ou a san li pa satisfè kondisyon pou l anseye nivo klas oswa matyè l ap anseye a; ak

- Kòman pitit ou a ap pèfòme nan egzamen leta tankou FAST (PM1, PM2, PM3), EOC, ak SSA.

Pwogram Edikasyon pou Travayè Sezonye(*MEP*)

OBJEKTIF *MEP* se ede tout elèv migran yo satisfè estanda akademik ki difisil epi pou yo gradye nan lekòl segondè (oswa konplete yon pwogram *GED*) avèk yon edikasyon ki prepare yo pou yo vin sitwayen responsab, kontinye aprann, epi jwenn anplwa pwodiktif.





Pwogram Edikasyon pou Travayè Sezonye

Asire yo satisfè bezwen elèv travayè sezonye pou ede yo simonte:

- Entèripsyon nan lekòl
- Baryè kiltirèl ak langaj
- Izolman sosyal
- Manke resous sante
- Tranzisyon nan kolèj oswa travay apre lekòl segondè

Pou amelyore opòtinite edikatif elèv travayè sezonye yo pou ede yo avèk:

- Sèvis akademik/sosyal siplemantè pou elèv yo ak fanmi yo
- Tranzisyon nan nouvo lekòl (yo)
- satisfè kontni akademik leta/distri
- Gradye nan lekòl segondè

Premye etap la se jwenn tout elèv travayè sezonye yo



- Entèvyou yo fèt an pèson avèk yon Rekritè MEP ki byen fòme, daprè kodisyon kalifikasyon Federal ak Eta a
- Enfòmasyon Kontak Pwogram nan:

Jorge Echegaray
Manager, Migrant Education Program
Multicultural Education Department
Jorge.Echegaray@palmbeachschools.org
(561) 202-0356



McKinney-Vento Program

Pwogram *McKinney-Vento* a

SDPBC Policy 5.74 - Students Experiencing Homelessness



Pwogram *McKinney-Vento* a fèt pou adrese pwoblèm timoun ak jèn ki sanzabri yo rankontre pou enskri, ale lekòl, epi reyisi lekòl.

Lwa *McKinney-Vento Homeless Education*
Lwa federal pwoteje dwa edikatif timoun ak jèn ki sanzabri yo.

Dwa timoun ak jèn ki kalifye yo:

- Dwa enkripsyon lekòl imedya lè dosye yo pa disponib
- Dwa pou rete nan lekòl orijin li, si sa nan enterè elèv la.
- Dwa pou resevwa transpò pou ale ak soti lekòl orijin li
- Dwa pou resevwa sipò siplemantè pou siksè akademik

Lwa *McKinney-Vento* Asistans pou Moun Sanzabri

Defini timoun ak jèn ki sanzabri kòm timoun ak jèn ki pa genyen yon kote fiks oswa pou yo abite, ak kote adekwa pou domi lannwit; sa genyen ladann timoun ak jèn ki:

- Abite nan kay lòt moun paske yo pèdi kay yo, pwoblem ekonomik, oswa pou menm rezon an;
- Y ap viv nan motèl, otèl, pak pou karavàn, oswa teren kan piblik akòz nou pa gen lòt kote pou nou rete;
- Y ap viv nan yon abri tranzitwa oswa pou ijans;
- Yo abandone nan lopital;
- Yon plas piblik oswa prive ki pa fèt pou sa a oswa yo pa itilize regilyèman kòm yon lojman regilye pou moun dòmi;
- Y ap viv nan machin, pak, espas piblik, bilding abandone, lojman ki pa nan estanda pou moun rete, nan estasyon bis oswa tren, oswa yon kote ki sanblab; epi
- Yo se pitit travayè sezonye ki kalifye kòm timoun sanzabri paske timoun yo ap viv nan kondisyon yo dekri pi wo a.

Idantifikasyon pou Elèv ki elijib



THE SCHOOL DISTRICT OF PALM BEACH COUNTY
SAFE SCHOOLS

Student Housing Questionnaire

The purpose of this form is to identify students and families who may be eligible for services in the school or local community.
School Personnel: Forward this form to your data processor for ESS coding. Fax or email form to the Mckinney-Vento Program. FAX: (561) 432-6381
Email: MVPhomeless@palmbeachschools.org If you have any questions, contact MVP at (561) 881-3740.

List all your children who live with you from preschool through high school. If needed, use an additional sheet.

Student ID #	First Name	M.I.	Last Name	Birthdate	School Name	Grade

NIGHTTIME RESIDENCE Check all that apply to statements 1-6 below regarding the cause of your temporary living situation:

1. Living in emergency or transitional shelters.
2. Sharing housing with friends or relatives due to loss of housing, economic hardship, or a similar reason.
3. Living in cars, parks, campgrounds, public spaces, bus or train stations, etc.
4. Living in hotel or motel due to lack of adequate accommodations.
5. A child or youth in my home is under the age of 18 and is not living with a parent or guardian. (Unaccompanied Youth)
6. I am over the age of 18 and not living with a parent or guardian. (Unaccompanied Youth)

***Complete the rest of this form if you checked any of the statements above.**

Check only one box that applies to the cause of your living situation:

☐ Earthquake ☐ Flooding ☐ Hurricane ☐ Pandemic (Major) ☐ Man-made Disaster (Major)
☐ Tornado ☐ Wildfire ☐ Tropical Storm ☐ Mortgage Foreclosure ☐ Unknown
☐ Other homeless causes (includes lack of affordable housing, unemployment, domestic violence, eviction, etc.)

Parent/Guardian Name (First, Last)	Parent Phone	Email Address	Unaccompanied Youth Phone

Current Address (Even if it is not permanent)	Length of Time	City	State	Zip Code
Former Address	Length of Time	City	State	Zip Code

I would like referral assistance with the following (check if applicable):

☐ Information Packet ☐ Counseling ☐ School Transportation ☐ School Support ☐ School Physical ☐ Immunizations
☐ Birth Certificate ☐ Medical/Dental ☐ School Supplies ☐ School Uniforms
☐ Senator Lewis Homeless Resource Center ☐ Other: _____

Additional support and educational services may be available for students under the McKinney-Vento Act. For more information about the McKinney-Vento Act and the McKinney-Vento Program (MVP), visit our website at: https://www.palmbeachschools.org/mvp

Indicate the role of the person completing this form:

☐ Parent/Guardian ☐ Unaccompanied Youth ☐ Local Agency on behalf of family

(Name of Agency): _____

I declare under penalty of perjury under the laws of this state, that the information provided here is true and correct.

_____ _____ _____
(Printed Name of Person Completing this form) (Signature of Person Completing this form) (Date)

Idantifikasyon pou Elèv ki Elijib

Kesyonè sou Lojman Elèv (PBSD 2479)

- Lekòl la distribye kopi fòm nan bay elèv yo de fwa pa ane epi lè sa nesesè
- Ou kapab ranpli fòm yo sou entènèt
- Elèv ki elijib yo enskri nan pwogram *McKinney-Vento* a (MVP) epi ekip MVP a ap ba yo sèvis
- Nan patenarya avèk ajans nan kominote a pou ranpli kesyonè lojman yo avèk paran yo

Objecktif *McKinney-Vento* FLDOE yo obligatwa



Chak distri lekòl pral:

- Idantifye omwen 5% nan elèv ki enskri nan FRL yo kòm moun sanzabri nan yo ane lekòl.
- Jwenn omwen yon pousantaj prezans lekòl 90% pou elèv yo idantifye kòm moun ki sanzabri nan yon ane lekòl.
- Pwomote omwen 90% elèv yo idantifye kòm moun ki sanzabri nan yon ane lekòl nan yon lòt nivo klas nan fen chak ane.

Sèvis Pworam *SDPBC McKinney-Vento* a Ofri

Asistans pou Enskripsyon

- Fasilite Aksè Elèv yo: Ekip MVP a bay sipò pou enskripsyon pou asire elèv ki sanzabri yo kapab enskri lekòl byen vit epi avèk efikasite.
- Sipò Transpò: Pwogram nan ofri transpò pou ale nan lekòl orijin nan atravè sèvis otobis distri a, transpò prive, ranbousman kantite mileyaj, ak pas Palm Tran pou elèv ki gran yo.

Sèvis Sipò

- Sèvis Leson Patikilye: Pwofesè sètifye nan distri a bay leson patikilye pou elèv ki sanzabri ak moun ki victim vyolans domestik yo.
- Reyinyon Ekip ki Baze nan Lekòl: Manadjè Dosye MVP yo patisipe nan reyinyon lekòl pou defann elèv yo epi konekte yo avèk resous esansyèl yo.
- Siveyans Prezans: Ekip MVP a swiv prezans elèv yo chak mwa pou idantifye epi adrese pwoblèm potansyèl yo.

Sèvis Pwogram *SDPBC McKinney-Vento* a Ofri

Esansyèl pou Tout Ane a

- Founiti: Ekip MVP a distribye sakado ak founiti klasik pandan tout ane a pou asire elèv yo genyen zouti nesesè pou aprann.
- Inifòm: Elèv ki elijib yo resevwa inifòm, chosèt ak soulye pou ankouraje yon sans apatenans epi diminye estigma ki asosye ak disparite nan rad.
- Twous Ijèn: Yo bay twous twalèt pou bezwen ijèn debaz elèv yo, sa ki kontribye nan byennnèt jeneral yo.

Konpay Konsyantizasyon ak Patenarya Kominotè

- Angajman Kominotè: Ekip MVP a kolabore avèk Sant Dakèy la, legliz yo, *The Soup Kitchen*, epi li patisipe tou nan aktivite kominotè yo pou enfòme moun epi amelyore aksè a sèvis yo.
- Inisyativ Gwoup Travay: Ekip McKinney-Vento a ankouraje kolaborasyon ant òganizasyon kominotè yo pou kreye yon rezo resous ki sipòte fanmi yo nan Rejyon Palm Beach la.

Sèvis Pwogram *SDPBC*
McKinney-Vento a Ofri

Referans ak Asistans Kominotè

- Konekte Fanmi ak Resous yo: Ekip MVP a bay referans ak ajans kominotè ki ofri sèvis tankou abri, asistans pou lwaye, ak lojman pou sipòte fanmi ki sanzabri yo.
- Sèvis Lesiv: Atravè yon patenarya avèk *Degy Entertainment*, ekip la ap travay pou enstale machin alave ak seche nan lekòl lokal yo pou bay elèv yo ak fanmi yo sèvis lesiv esansyèl. (Lake Shore Middle ak Palm Beach Lakes)



Degy Entertainment



Delivery of Essential Supplies



Outreach Community Event



UHY Student Shoe Donation



MVP Sneaker Closet

Pwogram *McKinney-Vento*
Enfòmasyon pou Kontak

(561) 681-3746
palmbeachschools.org/mvp

Aleshia Coleman, Planifikatris Pwogram nan
Cell: (561) 414-1173

Orlando Ovalles, Espesyalis Enstriksyonèl
Pwogram MVP
Cell: (561) 308-9634

Amy Mazzocco, Manadjè

Melissa Patterson, Direktris Depatman
Safe Schools

Konklizyon

- Opòtinite pou paran poze kesyon ak bay opinyon
- Konplete evalyasyon

Mèsi pou prezans, patisipasyon ak opinyon w.

Nou swete w siksè pou ane akademik la!